



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 28 oktòb 2013

GOUVÈNÈ CUOMO TE ÒGANIZE YON KONFERANS POU PREPARE POU IJANS

Gouvènè a te devwale Pwogram Fòmasyon ak Sètifikasyon Jesyon Ijans NYS ; Anons Apwobasyon Federal pou Nouvo Sistèm Alèt Ijans san fil; Rekonpanse premye sekouris ak rezidan New York yo pou erojis yo pandan Tanpèt yo; Diskite lesou ki te aprann pandan Tanpèt yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te òganize yon konferans jodia sou preparasyon pou ijans, epi te genyen plizyè sentèn sekouris ak otorite lokal yo ki soti toupatou nan Eta New York nan Albany, yon jou anvan premye anivèsè Gwo tanpèt Sandy.

Nan konferans lan, Gouvènè a te devwale yon Pwogram Fòmasyon ak Sètifikasyon Jesyon Ijans ki pral etabli pwotokòl repons inifòm pou dezaz pou premye sekouris ak otorite lokal yo. Anplis, Gouvènè a te anonse apwobasyon federal pou demann New York pou itilize Sistèm Alèt Ijans San fil lè eta a bezwen pou voye enfòmasyon lokasyon espesifik pou rezidan New York yo, pandan oswa apre yon ijans.

Gouvènè a te prezante prim a rezidan New York yo ki te demontre ewojis ekstraòdinè ak kouraj pandan siklòn Irene, Tanpèt Tropikal Lee, Gwo tanpèt Sandy, oswa inondasyon ki te pase nan ete ane pase a nan Mohawk Valley ak nan lòt pati Upstate New York.

Pandan konferans lan, Gouvènè a ak patisipan yo te diskite sou lesou yo te aprann nan de gwo tanpèt yo pandan de ane edmi ki sot pase a ak etap eta te pran depi lè sa pou ranfòse preparasyon ijans nou ak kapasite pou repons yo.

“Aprè eksperyans gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene ak Tanpèt Tropikal Lee nan dènye ane ki sot pase yo, li klè ke Eta New York dwe prepare pou chanjman klima ki la jodia,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan lavèy Sandy, konferans sa te bay yon opòtinite pou premye sekouris ak otorite lokal yo te diskite sou lesou nou te aprann sou twa ‘tanpèt ki te pase nan yon peryòd de santan’ ki te fèt nan twa dènye ane yo ki te gen enpak sou kominote yo nan eta ak pran aksyon pou pwochen ijans, alafwa natirèl ak sa moun lakoz. Pami aksyon sa yo, nou te lanse premye pwogram tounè Eta ki se pwogram Fòmasyon ak Sètifikasyon Jesyon Ijans Eta pou etabli yon repons ijans ki pi efikas ak senp nan tout nivo nan gouvènman, epi nou te jwenn apwobasyon pou itilize Sistèm Alèt Ijans san fil federal la pou atenn rezidan New York yo pou sitiasyon ijans nan lavni. Nou te egalman itilize okazyon sa pou rekonèt premye sekouris ak sitwayen ki te ale odela

Haitian Creole

apèl travay la pou pèfòme reyèlman aksyon ewoyik pandan twa dènye tanpèt yo. Sa se yon onè pou akeyi gason ak fi ki travay chak jou pou asire pwoteksyon ak sekirite rezidan New York yo, epi ansanm, nou ka bati yon New York ki pi ansekirite pou ane k ap vini yo.”

Fòmasyon pou Premye Sekouris yo ak Otorite Lokal yo

Nan konferans jodia, Gouvènè a te anonse kreyasyon yon premye pwogram nan tout eta ki deziyen pou etabli fòmasyon preparasyon ijans inifòm pou direktè egzekitif rejyon yo, manadjè ak premye sekouris lokal ijans yo nan rejyon an (egzanp., chèf ponpye, chèf lapolis, direktè EMS ak lòt otorite yo ki nan rejyon an) ki ta renmen jwe yon wòl enpòtan nan repons dezaz la. Pwogram Fòmasyon ak Sètifikasyon Jesyon Ijans NYS (NYS-EMC) pral sètifye patisipan yo pou kapasite yo nan repons dezaz nan tout rejyon yo nan eta, enkli Vil New York.

NYS-EMC pral bay fòmasyon pou twa tièrs nan patisipan yo. Tier 1 se yon sesyon fòmasyon yonsèl jou pou direktè egzekitif rejyon yo, Tier 2 se yon sesyon fòmasyon kat jou edmi pou manadjè ijans yo nan rejyon an epi Tier 3 se yon sesyon fòmasyon de jou pou chèf ajans premye sekouris yo. Patisipan Tier 1 ak Tier 2 yo pral egalman angaje nan yon sesyon fòmasyon mizeajou chak ane.

Sètifikasyon NYS-EMC obligatwa pou soumasyon kalifikasyon sibvansyon pou nenpòt Divizyon Homeland Sekirite NYS ak Sèvis Ijans ki administre sibvansyon pou chèf rejyon yo ak Manadjè Ijans yo.

“Gouvènè Cuomo te angaje nan etabli ak kenbe pwotokòl repons ijans ki pi efikas nan peyi a,” NYS Division of Homeland Security ak Komisè Sèvis Dijans Jerome M. Hauer te deklare. “Avèk lansman pwogram fòmasyon sa a nou pral bay yon efò fòmasyon konplè ak inifye ki pral ranfòse posibilite repons dijans lokal ak bay sitwayen nou yo yon anviwonman ki pi ansekirite.”

Stephen J. Acquario, direktè egzekitif, NYS Asosyasyon Rejyon yo te deklare, “Pandan dènye twa ane ki sot pase yo Eta New York te andire kèk nan pi move dezaz natirèl nan istwa nou epi Gouvènè Cuomo te travay pou rann eta nou an pifò epi sitwayen nou yo pi ansekirite. Konferans jodia te rasanble ansanm pwofesyonèl yo toupatou nan Eta pou pataje enfòmasyon sou leson yo te aprann de dezaz sa yo, ak nouvo inisyativ sètifikasyon ak fòmasyon nan tout eta ke Gouvènè Cuomo te devlope pral amelyore repons rejyon yo ak efò redresman pou lavni.”

Kevin Niedermaier, Prezidan Jesyon Ijans nan Eta, New York Asosyasyon an te deklare, “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te pran inisyativ pou devlope ak enpleman yon pwogram fòmasyon jesyon dijans pou tout eta pou ranfòse ak sipòte chak rejyon. Avèk pibon preparasyon ak kapasite repons yo, nou pral bay rezidan New York yo pi bon sekirite.”

Sistèm Alèt nan Telefòn Selilè pou Sitiyasyon Ijans yo

Gouvènè Cuomo te anonse jodia ke Komisyon Kominikasyon Federal (FCC) ak FEMA te apwouve demann New York pou itilize Sistèm Alèt Dijans san fil federal la lè eta bezwen voye enfòmasyon lokasyon-

espesifik anvan, pandan oswa apre yon ijans.

Sa te anonse pa Gouvènè a nan diskou Eta 2013 la, Alèt Ijans san fil la pral parèt tankou mesaj tèks, akonpaye pa yon son oswa vibrasyon. Sistèm lan ap pèmèt eta pou lokalize mesaj yo lè li voye yon alèt bay tout moun ki gen telefòn selilè nan tout yon rejyon, oswa yon vil oswa vilaj espesifik, oswa menm nan yon gwo katye .

Mesaj yo pral gen ladann direksyon pou evakye, ki kote pou jwenn yon estasyon manje oswaabri lokal, enfòmasyon sou restorasyon kouran elektrik, oswa lòt enfòmasyon lokal espesifik ke rezidan New York yo ta bezwen nan yon ka dijans.

Sistèm Alèt Dijans Federal san fil la deziyen pou twa rezon: alèt menas iminan pou move tan ak lòt ijans; Amber alèt; ak alèt Prezidansyèl yo. Apwobasyon jodia bay New York otorizasyon pou enkli enfòmasyon enpòtan anvan ak apre tanpèt la nan ka yon move tan/ kategori ijans menas iminan. Sistèm Alèt Ijans la pral konpleman lèt eleman yo nan sistèm alèt NY nou an, sa ki pral pèmèt rezidan New York yo enskri pou resevwa mesaj dijans pa tèks, imèl, telefòn oswa nan app alèt eta NY.

Jodia Gouvènè a te rekonèt NewYorkè yo pou sèvis yo te bay apre pasaj tanpèt yo enkli :

- Andrea Curran, Manadjè , Camp Bulldog, Lindenhurst
- Gad Nasyonal New York, 102 Military Police Battalion reprezante pa:
 - Lietnan Kolonèl Arthur Zegers, Kòmandan Batayon
 - Kòmandan Sèjan Majò Thomas Ciampolla
 - Kevin Conklin
- FDNY reprezante pa:
 - Chèf Adjwen James Daly, FDNY Direktè Planifikasyon Estratejik
 - Chèf Adjwen Kevin Butler
 - Andrew Hagan
 - Leonard Cimadamo
- NYPD reprezante pa:
 - Al Pizzano, Kapitèn, NYPD
 - James Wahlig, Kapitèn, NYPD
- Sherif Adjwen Joe Steyer, Rejyon Ulster
- Sarah Goodrich, Direktè Egzekitif, Zòn Schoharie Rekiperasyon Alontèm
- Ajan John M. Lapolis Eta New York
- Brett Chellis, Direktè /Kowòdonatè Dife, Biwo Rejyon Broome Sèvis Dijans
- Bob Vandewalker, Rejyon Herkimer Kowòdonatè EMS

- Ron Konowitz, Town of Keene Volontè Depatman Ponpye ak Volontè Kowòdonatè, Town of Keene Ekip Rekiperasyon Siklòn Irene

Leson nou te aprann de Irene, Lee, ak Sandy

Aprè gwo tanpèt yo, Gouvènè a te anonse kreyasyon Komisyon NY Ready travay ki gen ladann preparasyon rezo eta, sistèm ak estrikti pou reziste a yon gwo move tan, epi travay komisyon NY Respond Commission lan nan asire abilite ak kapasite pou reponn efikasman a yon dezast natirèl. Komisyon an te bay rekòmandasyon preliminè kle yo nan Janvye 2013, ak yon seri nouvo inisyativ ki te enkli nan kalandriye 2013 Eta Gouvènè a epi imedyatman te rantre anvigè.

Rekòmandasyon komisyon an te reprezante reyalyte evènman move tan ak ogmante nan frekans ak enpak, epi reponn a règleman nòmal la ta egzije yon seri nouvo ak apwòch ki amelyore sa ki gen ladann aksè a done ki fyab ak nan yon tan rezonab pou enfòmasyon, fòmasyon a piwo nivo ak preparasyon; pi bon kowòdinasyon nan ak pami tout sektè yo, sistèm ki pi rezistan pou asire bezwen kritik tankou gazolin ak kominikasyon ka satisfè apre yon ijans; ak yon konsantrasyon entansifye sou popilasyon ki pi vilnerab yo.

Aksyon ki te pran pa eta kòm yon rezilta de rekòmandasyon komisyon an gen ladann:

Fòmasyon ak Kowòdinasyon:

- **Rezo Premye Sekouris nan tout eta:** Komisyon an te rekòmande kreyasyon yon rezo nan tout eta pou inifye fòmasyon dijans, kowòdinasyon, pwotokòl ak kominikasyon. Ane sa a, eta te etabli dis zòn Repons Dijans toupatou nan New York ki santre sou preparasyon rejyonal ak kowòdinasyon manadjè ijans yo, otorite lokal ak premye sekouris yo.
- **Fòmasyon repons Ijans:** Komisyon yo te rekòmande ke eta asire ke repons dijans pèsònèl resevwa fòmasyon pi gwo nivo. Ane sa, eta te ogmante siyifikativman fòmasyon pou eta, ofisye lokal ak rejyon yo ak premye sekouris yo, enkli preske yon ogmantasyon de 500% nan kantite moun k ap fòme nan sant Fòmasyon Preparasyon Eta.
- **Rezèv ekipman esansyèl rejyonal:** Komisyon an te rekòmande Eta a pou etabli rezèv pwovizyon ak ekipman esansyèl dijans. Eta kounye a genyen nèf rezèv rejyonal avèk ekipman esansyèl ak founiti sovetaj pou deplwaman rapid.
- **Fòmasyon Espesyal Gad Nasyonal:** Komisyon an te rekòmande Eta pou bay fòmasyon espesyalize adisyonèl pou Gad Nasyonal pou repons ijans. Ane sa a, Eta kounye a pare pou deplwaye plizyè santèn manm Gad Nasyonal pou bay sekirite, lojistik, transpòtasyon ak sipò kominikasyon pou ede restore koutsn rapidman.

Pwovizyon pou Enèji:

- **Alimentasyon sekou nan estasyon gaz yo:** Komisyon an te rekòmande estasyon gaz ki nan zòn estratejik yo oblije genyen yon kapasite rezèv nan alimentasyon kouran. Ane sa a, Gouvènè a te entwodi ak siyen an lwa pi gwo mezi nan peyi a sou kapasite rezèv alimentasyon kouran estasyon gaz yo pou asire ke tout estasyon gaz yo ki lokalize nan zòn kritik yo gen kouran apre yon ijans.
- **Estrateji rezèv gaz:** Komisyon an te rekòmande pou kreye yon Rezèv Estratejik Gazolin kòm yon rezèv pou pwoteje anplis Eta New York nan deranjman tanporè pou apwovizyonman gaz. Ane sa a, New York pral etabli premye estrateji Rezèv Gazolin nan nivo peyi a avèk 3 milyon galon gaz pou ede evite ratman pou premye sekouris yo ak fanmi New York yo.

Kominikasyon:

- **[StormRecovery.NY.gov](https://www.stormrecovery.ny.gov):** Komisyon an te rekòmande pou eta etabli yon gichè inik repons dezaz sou entènèt. Ane sa, Eta te lanse [StormRecovery.NY.gov](https://www.stormrecovery.ny.gov) pou dirije rezidan New York a tout asistans, itilize medya sosyal ak kat jeyografi pou bay enfòmasyon ajou sou resous redresman ijans yo.
- **NY-TEXT:** Komisyon an te rekòmande pou eta itilize yon lokal espesifik fason pou kominike avèk rezidan New York yo nan yon ijans. Gouvènè a te anonse jodia ke eta te resevwa apwobasyon pou itilize Sistèm Alèt Dijans San Fil Federal la pou bay mesaj alèt NY nan zòn espesifik anvan, pandan ak apre ijans yo.

Popilasyon Vilnerab yo:

- **Pwoteje rezidan New York ki vilnerab yo:** Komisyon an te rekòmande pou eta pran mezi pou asire ke premye sekouris ak travayè k ap ede yo ak anplwaye ki nan sèvis imen yo pou prepare pou sèvi popilasyon vilnerab la ki bezwen asistans. Ane sa a, eta te kreye NYS e-FINDS, yon sistèm kontwòl ki nan tout eta pou asire sekirite pasyan ak rezidan yo lè etablisman swen sante ak sèvis imen ap evakye. Mezi adisyonèl te pran ane sa a pa Eta sa ki gen ladann evalyasyon etablisman sante yo pou evalye kapasite yo pou bayabri oswa pou evakye nan yon ijans, ansanm avèk fòmasyon lopital yo, mezon retrèt, etablisman swen pou adilt, depatman sante lokal ak otorite jesyon ijans yo sou mizeajou pwosedi evakyasyon yo.
- **Etablisman lokal Swen sante yo:** Komisyon yo te rekòmande pou eta konsidere lokal vilnerab yo lè nouvo konstriksyon oswa renovasyon yon etablisman swen sante te pwopoze. Ane sa a, Eta te devlope nouvo egzijans pou plis rezistans ak rezèv alimentasyon kouran pou lopital ak mezon retrèt yo ki te bati oswa renove nan kote ki vilnerab yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418